



Kigarama 2023

*kirundi*

## Tanga inyishu yawe!

---

### Urankunda?

(Joh 21,16)

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

**Mobil.:** +49-172-5638432  
**Mail:** [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
**Homepage** [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

Bakunzi ba go4peace,

Kenshi na kenshi ubuzima bwama budusaba giturumbuka ko dutanga inyishu. Nk'umwana iyo atemvye ararira akarindirana umwizero ko tumuvyura. Nk'impunzi iguma yiteze aboyakira. Kukaba nkako ntiba itegera neza ibibazo irimwo. Nk'iyoy umworo adodoye ku rugi iwacu. Nk'umuvyeyi arwaye, akaba adashobora gutunganiriza umwana wiwe. Nk'umuntu ariko agendagenda mw'ibarabara arondera ico yatakaje. Nk'iyoy abakundana batandukanye, bagaheza bakaguma ari inyakamwe.

Iyo rero nk'ivyo bibazo vyadutse mu buzima, binsaba inyishu iboneka y'urukundo. Mpamagariwe rero kuvyitaba, kandi nkitanga. Turazi ko Petero hari igihe mu buzima bwiwe yahakanye. Mbere n'igihe Yezu yari ageze muri nankana yaramwihakanye. Ariko ubuzima bwarabandanije, mbere buramuha itombora n'akaryo, igihe Yezu yazutse yamubaza ati : urankunda? Aho yari aronse akaryo keza gashasha. Aca yishura Yezu ati : "Urazi ko ngukunda!"

Hari igihe nayagira abantu bubakanye ko jewe ibiceri biri mu ngotomonie yanje, vyama binyibutsa ko urukundo rwonyene ari rwo ruha ibintu agaciro! Turi kumwe n'urwaruka, narabemereye ko mu kwezi kwose nzohora ntanga i euro rimwe igihe cose numvise habaye akanye k'urukundo vyarwo. Niho rero uyo mukenyezi akiri muto yandabana amaso asayangana ambwira ati: „Uzi n'inkuru, uno musu nagiyeye gusuhuza umurwayi, yari ababaye vy'ukuri, ata na kimwe yishoboza. Hageze ko ndamwikebanura, afata agasaho kiwe, akuramwo ama euros abiri arayampa. Hanyuma ambwira ati: ‚sinshatse kukuriha! Oya. Ariko nhsaka ko ibi biceri bikuzanira imigisha!‘ Nariyumvisemwo koko ingene uyo mugore yashaka kumbwira ati: URAKOZE“ - Tanga inyishu yawe!

Kubwa go4peace,

Meinolf Wacker